

NERAPKEUN MODEL COOPERATIVE LEARNING TEKNIK MAKE A MATCH KANGGO NGARONJATKEUN KENGING DIAJAR SISWA DINA PEMBELAJARAN IPS INOHONG-INOHONG SEJARAH DINA MANGSA KARAJAAN HINDU-BUDDHA SARTA ISLAM DI INDONESIA.

(Panalungtikan Tindakan Kelas dina siswa kelas V Sakola Dasar Negri 6 Cikidang Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Kulon)

**Ku
Leni Marlina
125060006**

ABSTRAK

Panalungtikan ieu gaduh tujuan kanggo ningkatkeun kenging diajar siswa ngalangkungan model make a match dina pangajaran IPS materi inohong-inohong sajarah dina mangsa karajaan Hindu-Buddha sarta Islam di Indonesia. Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas V SDN 6 Cikidang. Panalungtikan ieu di rojong ku kaayaan siswa anu sesah dina nyerepan pangajaran atawa materi di lebet pangajaran ku margi guru sering ngagunakeun padika ceramah, sedengkeun kalawan model-model pangajaran anu sanes kususna model make a match teu acan kantos dilaksanakeun. Panalungtikan ieu ngagunakeun padika panalungtikan tindakan kelas kalayan ngagunakeun sistem siklus anu diwangun ti ngarencanakeun, ngalaksanakeun, observasi, analisis sarta refleksi. Panalungtikan ieu dilaksanakeun dina dua siklus. Dina tiap siklusna dilaksanakeun kagiatan pangajaran bari nerapkeun model pangajaran make a match anu diwangun ti 5 babak nyaeta : 1. Ngarumuskeun masalah, 2. Ngarumuskeun jawaban samentara, 3. Nguji jawaban, 4. Nyokot kasimpulan, 5. Nerapkeun kasimpulan sareung generalisasi. Teknik evaluasi anu di pake pikeun panalungtikan ieu teh tehnik tes sarta non tes. Teknik tes pikeun masihan terang hasil diajar siswa sareng tehnik non tes nyaeta pikeun masihan terang kagiatan siswa. Kenging panalungtikan nunjukeun yen ngangge model pangajaran make a match tiasa ningkatkeun hasil diajar siswa. Perkawis kasebat tiasa ditinggal tina nilai rata-rata paningkatan hasil diajar siswa tina siklus I dugika siklus II, nyaeta dina siklus I 75,89 kalayan kategori sae , siklus II 83,78 dina katagori sae pisan. Kasimpulan anu kenging tina ieu panalungtikan nyaeta, yen ngagunakeun model pangajaran make a match ngarojong pisan kana paningkatan hasil diajar siswa dina materi inohong-inohong sajarah dina mangsa karajaan Hindu-Buddha sarta Islam di Indonesia dikelas V sakola dasar. Ku kituna, ngagunakeun model make a match tiasa di jantenkeun salah sawios model kanggo dilebetkeun dina pangajaran IPS.

Sangggem konci : Cooperatif Learning, Make a Match, Hasil diajar